

# Klamidya

Klamidya se yon enfeksyon bakteryèn ki pwopaje nan fè bagay nan vajen, nan dèyè ak nan bouch. Li se youn nan enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infections, STIs) ki pi komen nan Vil New York.

## Sentòm yo

Pifò moun ki gen klamidya pa gen okenn sentòm. Si sentòm vin devlope, yo ka gen ladan yo:

- Ekoulman nan vajen an ki diferan de ekoulman nòmal
- Senyen ant règ yo
- Ekoulman nan peni an
- Doulè oswa senyen pandan oswa aprè w fè bagay
- Doulè lè w pipi
- Konstipasyon
- Doulè nan rektòm, ekoulman oswa senyen



# Klamidya



## Prevansyon

Kapòt ak pwoteksyon bouch ka anpeche pwopagasyon klamidya a. Gen plizyè patnè ogmante risk ou pou pran ak pwopaje STI yo, ki gen ladan klamidya.

## Tès

Tou depan de jan ou fè bagay, pwofesyonèl swen sante ou a ka teste echantyon ki soti nan pipi ou, kòl matris, peni, rektòm oswa gòj ou. Ou dwe onèt ak doktè ou sou diferan jan ou fè bagay.

## Tretman

Yo trete klamidya ak antibiyotik. Tretman konplè a nesesè pou trete enfeksyon an, kidonk li enpòtan pou pran tout medikaman an, menm si ou santi ou pi byen. Ou ta dwe reteste apre twa (3) a kat (4) mwa pou asire w ke ou pa te enfekte ankò.

## Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Si li pa trete, klamidya ka lakòz gwo doulè, esterilite (enkapasite pou fè timoun), ak testikil ki fè mal oswa anfle. Li ka ogmante risk pou w gen yon gwasès tibal (ektopik). Lè w gen klamidya, li plis fasil tou pou pran oswa transmèt VIH.

## Patnè Seksyèl yo

Patnè seksyèl ou yo dwe trete tou pou yo pa devlope pwoblèm sante grav, re-enfekte w oswa pase enfeksyon an bay lòt moun. Ou ta dwe di tout patnè seksyèl ou te genyen pandan de (2) dènye mwa yo sou enfeksyon ou a pou yo kapab egzamine epi trete. Ou ka mande pwofesyonèl swen sante ou tou pou terapi patnè rapid (expedited partner therapy, EPT), ki pèmèt pwofesyonèl swen sante ou ba ou medikaman siplemantè oswa yon preskripsiyon pou bay patnè seksyèl ou (yo) pou yo ka trete pou klamidya osito posib.

## Klamidya ak Gwosès

Tout moun ki ansent ta dwe teste pou klamidya ak lòt STI yo, ki gen ladan VIH, osito posib nan gwosès la. Klamidya ka lakòz akouchman premature ak pwa ki ba pou tibebe ki fenk fèt. Li ka lakòz tou enfeksyon nan je ak poumon yon ti bebe ki fenk fèt.

Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik,  
vizite  
[nyc.gov/health/clinics](http://nyc.gov/health/clinics).